



ENTÈPRETASYON LAJISTIS:
AKSÈ LENGWISTIK NAN
TRIBUNAL NAN NOUYÒK
YON APÈSI SOU RAPÒ A

AL LI RAPÒ KONPLÈ A NAN
WWW.LEGALSERVICESNYC.ORG/INTERPRETINGJUSTICE

Legal Services NYC lite kont lapòvrete e li goumen pou lajistis onivo ras, sosyal ak ekonomik pou moun ki abite nan Nouyòk e ki pa touche anpil kòb. Depi prèske 50 lane, LSNYC lite kont enjistis nan sistèm lan e li ede kliyan satisfè bezwen debaz pou lojman, revni ak sekirite ekonomik, estabilite famiyal ak pou imigran, edikasyon ak swen sante. Inisyativ Legal nan domèn Dwa Sivil ke LSNYC genyen an itilize litij dwa sivil, fòmasyon, ak defans pou lite kont diskrimasyon ki kontribye, ki ranfòse e ki agrave lapòvrete ak inegalite.

DWA LENGWISTIK SE DWA SIVIL



LAMWATYE NAN 8.5 MILYON MOUN K AP VIV NAN NOUYÒK YO PALE YON LANG LAKAY YO KI PA LANG ANGLE.



PRÈSKE YON KA PAMI REZIDAN VIL NOUYÒK YO KI GEN PLIS KE SENKAN DAJ GEN KONPETANS LIMITE NAN LANG ANGLE (LEP).



74% PAMI AVOKA LSNYC KI REPONN SONDAJ YO FÈ A RAPÒTE YO TE RANVWAYE DAT POU KA YO PREZANTE NAN TRIBINAL POU YON LÒT LÈ AKÒZ PAT GEN ENTÈPRÈT DISPONIB



PRÈSKE YON SIZYÈM NAN KAY NAN VIL NOUYÒK YO PA GEN OKENN ADILT KI PALE ANGLE BYEN NAN KAY LA E KI GEN PLIS KE 14 ZAN DAJ.

PLEDAN KI GEN KONPETANS LIMITE NAN LANG ANGLE (LEP) YO RANKONTRE PLIZYÈ OBSTAK NAN TRIBINAL

Pledan LEP yo ka gen difikilte pou yo li siy yo, pou yo anrejistre pou yon konparisyon nan tribinal, pou yo jwenn sèvis entèpretasyon san pèdi tan e ki kòrèk; e pou yo li ak konprann antant yo, kondisyon yo ak lòd tribinal yo.

REKÒMANDASYON ENPÒTAN

1 | GEN YON KONTWÒL
SOU LANG PLEDAN YO
PALE NAN TRIBINAL



2 | ASIRE GEN ASE ENTÈPRÈT
KI DISPONIB NAN
TRIBUNAL



3 | FÈ MOUN YO KONNEN SE
DWA YO POU YO JWENN
SÈVIS LENGWISTIK NAN
TRIBUNAL



5 | METE ENTÈPRÈT DISPONIB
POU NEGOSYASYON
RÈGLEMAN K AP FÈT NAN
TRIBUNAL LA

4 | ASIRE YO PWOGRAVE
DAVANS POU
ENTÈPRÈT TRIBINAL
LA PREZAN POU
PLEDAN LEP YO



SE DWA W POU GEN SÈVIS ENTÈPRÈT GRATIS NAN TRIBINAL

Si ou janm gen difikilte pou jwenn sèvis entèpretasyon san pèdi tan e ki kòrèk nan tribinal yo, ou ka ekri Office of Language Access (Biwo pou Aksè Lengwistik) nan: interpretercomplaints@nycourts.gov Epitou ou ka rele Office of Language Access (Biwo pou Aksè Lengwistik) nan: 646-386-5670

KONEKTE AVÈK NOU

Tanpri ale nan www.legalservicesnyc.org pou gen plis enfòmasyon sou travay nou fè a. Ou ka jwenn yon kopi elektwonik rapò sa a tou sou sitwèb nou an.

ÈSKE OU BEZWEN ASISTANS LEGAL?

Rele liy asistans nou an nan: 917-661-4500. Nou gen anplwaye nan liy asistans lan ki pale plizyè lang, pami lèkèl: Angle, Panyòl, Koreyen, Mandaren, Foochow, Arab, Kreyòl Ayisyen, Twi, Ris, Franse, Indi, ak Oudou.

Tout anplwaye nou yo ka kominike avèk moun nan pratikman nenpòt lang, san moun sa a pa gen pou peye pou sa.

Pou ka gen plis enfòmasyon sou rapò sa a ak sou travay n ap fè pou rezidan Nouyòk ki gen konpetans limite nan lang Angle (LEP) e ki pa touche anpil kòb, tanpri, kontakte:

Christine Clarke
Direktris, Inisyativ Legal nan domèn
Dwa Sivil (Civil Rights Justice Initiative)
cclarke@lsnyc.org | 646-442-3564

Veronica Cook
Avoka Anplwaye, Inisyativ Legal nan domèn
Dwa Sivil (Civil Rights Justice Initiative)
vcook@lsnyc.org | 646-442-3565

Andrea Zigman
Direktè Adjwen
azigman@lsnyc.org | 646-442-3555